



# Office of Children and Family Services

KATHY HOCHUL  
Gouvènè

SHEILA J. POOLE  
Komisè

Dat [Mwa/Jou/Ane] \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_

Non

Nimewo Idantifikasyon Dosye:

Adrès

Nimewo Idantifikasyon Etap Admisyon:

Vil, Eta, Kòd Postal

Dat Rapò a: \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_

Chè \_\_\_\_\_,

Sèvis Pwoteksyon Timoun (Child Protective Services, CPS) lokal ou a te ba ou yon lèt ki di yo te fè yon rapò bay Rejis Santral nan Nivo Eta Nouyòk sou Abi ak Move Tretman Sou Timoun (State Central Register, SCR) a ki pretann yo te abize oswa maltrete yon timoun. Lèt sa se yon avi pou fè w konnen sèvis pwoteksyon timoun CPS te mennen yon ankèt epi te deside rapò a te san fondman. Sa vle di CPS pa t jwenn yon bon kantite prèv ki montre yo te abize oswa maltrete timoun nan (yo).

Tout rapò san fondman yo sele legalman epi yo rete nan baz de done SCR la pandan 10 lane sòti nan dat rapò a te fèt la (Lwa Sèvis Sosyal §422). Sele legalman vle di yo kapab konsilte rapò san fondman an sèlman nan sityasyon limite lalwa otorize yo. Pa egzanp, CPS kapab revize yon rapò san fondman si l ap fè ankèt sou yon lòt rapò ki enplike menm sijè a, menm timoun nan oswa frè/sè timoun nan. Men, kòm rapò a sele legalman, SCR pa kapab di patwon yo oswa ajans ki responsab pou bay pèmi yo, ou genyen yon rapò san fondman. 10 lane aprè dat yo fin resevwa rapò a, rapò san fondman ou a ap efase. Sa vle di rapò san fondman ou a ap detui. Ou pa bezwen mande SCR pou detui rapò a aprè 10 lane – sa ap fèt otomatikman.

Si yo site non w kòm sijè nan rapò a, ou gen dwa pou mande yon kopi dosye SCR la. Pou mande yon kopi rapò dosye SCR la, tanpri voye yon mesaj bay:

New York State Office of Children and Family Services  
Statewide Central Register  
P.O. Box 4480  
Albany, NY 12204

Si yo te site non w nan rapò a sèlman paske ou nan menm fanmi ak timoun nan oswa paske n ap viv nan menm kay, ou pa gen dwa pou mande yon kopi dosye SCR la.

Si ou gen plis pase yon rapò CPS, li enpòtan pou konnen yo trete tout rapò yo apa. Sele rapò sa a p ap afekte okenn lòt rapò CPS kote yo te site non w kòm sijè. Se poutèt sa, si yo te di w ou gen yon lòt rapò endike, avi sa a p ap gen okenn konsekans sou rapò sa. Se menmjan an, si w ap resevwa sèvis, avi sa p ap chanje sèvis sa yo.

Si ou gen kesyon sou lèt sa, tanpri kontakte 1-844-337-6298 sòti nan 8è:00 a.m. rive nan 5è:00 p.m., lendi rive vandredi. Ou kapab ekri SCR tou nan adrès ki anwo a. Tanpri, mete yon kopi lèt sa a oswa Nimewo Idantifikasyon Dosye a ak Nimewo Idantifikasyon Etap Admisyon ki ekri nan tèt lèt sa a.

Ak tout kè mwen,



Lisa Ghartey Ogundimu,  
Avoka Komisyonè Adjwen  
Divizyon Pwoteksyon Timoun ak Sèvis Kominotè.